

Dwa ak Pwoteksyon nan Travay pou Travayè nan Kay ki nan Vil Nouyòk

Enfòmasyon pou Travayè nan Kay

Travayè nan kay yo ak patwon yo gen dwa ak responsablite dapre lwa Travay, ak Deklarasyon Dwa Travayè nan Kay, ki anvigè depi dat 29 novanm 2010. Pou jwenn plis detay sou sa, ale nan sit wèb www.labor.ny.gov.

Kimoun ki se yon Travayè nan Kay?

Yon “travayè nan kay” se yon moun ki travay nan kay yon lòt moun. Men kèk pami djòb travayè sa yo gen pou fè:

- Pran swen timoun oswa yon granmoun aje ki malad
- Travay netwayaj kay
- Lòt travay domestik ki fèt nan kay patwon an

Lwa sa a **pa** pwoteje travayè nan kay:

- Ki travay sou yon baz okazyonèl, tankou pran swen tibebe atan-pasyèl lakay patwon yo
- Ki se manm fanmi patwon yo oswa moun y ap bay swen an (yo)

Travayè nan Kay yo Ta Dwe Konnen

Dapre lwa travay Eta Nouyòk, ak Deklarasyon Dwa Travayè nan Kay, ou:

- Fèt pou touche **omwen** salè minimòm nan (ki se \$7.25 pa èdtan pou kounye a)
- Fèt pou resevwa peman siplemantè a 1 1/2 fwa salè debaz peman ou apre 40 èdtan travay nan yon semèn almannak (Si w ap viv nan kay patwon ou, ou fèt pou touche èdtan siplemantè apre 44 èdtan travay nan yon semèn.)
- Fèt pou jwenn yon jou (24 èdtan) repo pa semèn – oswa, si ou dakò pou travay nan jou a, ou fèt pou touche dapre yon salè pou tan siplemantè
- Gen dwa pou resevwa **omwen** twa (3) jou konje peye apre yon ane travay pou menm patwon an

Si ou travay pandan omwen 40 èdtan pa semèn, ou pwoteje tou nan Asirans Konpansasyon Travayè si ou pran chòk nan djòb la. Epitou ou pwoteje nan Asirans Benefis pou Andikap si ou pran chòk oswa si ou vin malad deyò travay la ak si ou pa vin travay pandan plis pase sèt (7) jou poutèt sa.

Si se yon ajans travay ki fè yon jwenn travay la pou ofri “sèvis konpay,” tankou pou yon granmoun aje, règ sou travay siplemantè ak yon jou obligatwa pou repo pa aplike pou ou.

Si ou pote plent ba patwon ou oswa nan Depatman Travay konsènan yon vyolasyon lwa travay sa yo, patwon ou pa kapab fè vanjans kont ou. Pou pote yon plent nan Depatman Travay, rele 1-888-52-LABOR oswa ale nan sit wèb www.labor.ny.gov/workerprotection/laborstandards/labor_standards.shtm pou jwenn yon lis biwo distri Depatman Travay.

Deklarasyon Dwa Travayè nan Kay pwoteje ou kounye a kont sèten fòm asèlman ki baze sou sèks, ras, relijyon, oswa peyi kote ou fèt. Patwon ou pa kapab fè vanjans kont ou si ou pote plent kont li pou asèlman. Si ou jwenn kalite asèlman oswa vanjans sa yo, ou kapab pote plent nan Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk. Pou konnen kijan pou pote plent, ale nan sit wèb www.dhr.state.ny.us.

Pou jwenn enfòmasyon sou asirans sante ki pa chè pou ou ak pou fanmi ou, ale sou sit wèb Depatman Sante Eta Nouyòk nan www.nyhealth.gov. Chèche bouton “Health Insurance Programs” (pwogram asirans sante) nan zòn “Site Contents” (kontni sit) adwat paj-dakèy la.